

10 jiyè

Bondye mete nan kè moun anvi pou yo konnen sa ki gen pou rive demen. Men, li pa janm kite yo fin konprann nèt travay l ap fè a. Eklezyas 3. 11

... Konsa yo menm tou, ya konnen sekre travay Bondye a, ki se Kris la. Se nan li tout richès ki nan konprann ak konesans Bondye a ye. Kolosyen 2. 2, 3

Tankou yon ensèk sou yon vit

Vijil yon powèt laten t ap rele byenfò : “Se sèl yon moun beni ki rive dekouvri koz kache tout bagay !” Anvan Vijil wa Salomon te poze kesyon sa a : “Se moun ki gen bon konprann ki konnen jan pou li bay eksplikasyon ?” (Eklezyas 8. 1). E kesyon sa a rete tankou yon defi devan bon konprann syantifik jodi a.

Pi gran dekouvèt lasyans fè nan tout domèn, depi nan dekouvèt kò selès yo jis rive nan bagay ki pi piti a, rezilta rechèch sa yo ogmante pwoblèm moun sou latè e pouse pi lwen repons tout moun ta renmen konnen konsènan kesyon fondal natal yo : Kilès nou ye ? Kote nou sòti ? Kote nou prale ?

Kèlkeswa jan yon moun ka entèlijan, lespri moun fèmèn nan limit sa Bondye pèmèt li konnen. Lòm tankou yon mouch ki tonbe sou yon vit, k ap fè jefò pou li sòti kote li ye a. Nan inyorans li, li panse limyè deyò a ki avegle l nan vit la ka pèmèt li sòti kote l ye a. Poutan, li fè tout jefò li anven, jiskaske li mouri sou vit la. Lòm dwe rele byen fò : “Nan lavi a anyen pa vo anyen !... anyen pa rapòte anyen !” (Eklezyas 1. 2, 14).

Men, se byen lwen deyò a, kote nou pa ka rive limyè a sòti pou l vin jwenn nou. *Bondye* te fè konnen kilès li ye. Li fè konnen kilès li ye tankou *kreyatè* ki fè sa li pi pito nan travay li. Li fè kreyati li yo konnen se yo menm menm ki fè tèt yo ap soufri. Se peche ki lakoz soufrans ak lanmò sou latè. Bondye moutre jan li renmen nou, lè li ba nou sèl Pitit li a pou mouri nan plas nou. Sèl sa li mande nou fè, se pou nou kwè nan li.

Se sa, ki sèl vrè bon konprann nan tou.

10 juillet

L'homme ne peut comprendre, depuis le commencement jusqu'à la fin, l'œuvre que Dieu a faite.

Ecclésiaste 3. 11

... La connaissance du mystère de Dieu dans lequel sont cachés tous les trésors de la sagesse et de la connaissance. Colossiens 2. 2, 3

Comme un insecte sur la vitre

Le poète latin Virgile s'écrie dans les Géorgiques : "Heureux celui qui a pu pénétrer les causes secrètes des choses !" Bien avant lui, le roi Salomon posait la question : "Qui sait l'explication des choses ?" (Ecclésiaste 8. 1). Et cette interrogation demeure comme un défi à la sagesse humaine.

Les plus admirables découvertes dans tous les domaines, l'exploration des astres comme l'étude la plus fouillée de l'infiniment petit, ne conduisent qu'à soulever des problèmes nouveaux, et à reculer toujours plus loin la réponse aux questions fondamentales : Que sommes-nous ? D'où venons-nous ? Où allons-nous ?

Si intelligent qu'il soit, l'être humain est enfermé dans les limites de son esprit. Comme l'insecte qui heurte une vitre et s'épuise sans résultat dans ses efforts vers la lumière, sa recherche ne peut aboutir, et il doit s'écrier : "Vaineté des vanités ! ... Tout est vanité et poursuite du vent !" (Ecclésiaste 1. 2, 14).

Mais c'est du dehors, de cet extérieur inaccessible, que la lumière est venue vers nous. *Dieu* s'est fait connaître, il a parlé, il se révèle comme le *Créateur* souverain par ses œuvres. Il apprend à ces créatures égarées et souffrantes que nous sommes la cause de leur état : le péché, par lequel la souffrance et la mort sont entrées dans le monde. Il a montré son amour en nous donnant un Sauveur. Ce qu'il nous demande, c'est de le croire.

C'est aussi la seule vraie sagesse.